

**RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN JARAK JAUH  
(RPPJJ)**

Sekolah : SMP GAJAH MUNGKUR 6 NGADIROJO  
 Mata Pelajaran : Bahasa Jawa  
 Kelas/ Semester : IX (Sembilan)/1(Gasal)  
 Kompetensi Dasar : 3.4 Menelaah teks deskriptif tentang upacara adat Krobongan.  
 4.4 Menulis teks deskriptif tentang upacara adat.  
 Alokasi Waktu : 6 jam pelajaran

Tujuan Pembelajaran	
<ul style="list-style-type: none"> <li>➤ Melalui diskusi dalam WAG, Peserta didik dapat mengidentifikasi tata upacara adat krobongan dengan benar</li> <li>➤ Melalui diskusi dalam WAG, Peserta didik dapat menuliskan pokok-pokok isi upacara krobongan dengan benar</li> <li>➤ Melalui penjelasan guru dalam WAG, Peserta didik dapat menjelaskan makna masing-masing acara dalam upacara adat krobongan dengan tepat</li> <li>➤ Melalui penjelasan guru dalam bentuk voice note, Peserta didik dapat menyusun kerangka upacara adat dengan sistematis</li> <li>➤ Dengan menyimak arahan guru dalam bentuk voice note, Peserta didik dapat mengembangkan kerangka menjadi teks upacara adat secara runtut.</li> </ul>	
Kegiatan Pembelajaran	
Tahapan	Kegiatan
Kegiatan awal	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Peserta didik menerima salam dari guru via WA</li> <li>• Peserta didik diminta mengisi presensi melalui Microsoft teams</li> <li>• Peserta didik mendapat motivasi dari guru via voice note.</li> <li>• Peserta didik mendapat apersepsi via voice note</li> <li>• Peserta didik menerima penjelasan tujuan kegiatan pembelajaran</li> </ul>
Kegiatan Inti	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Peserta didik mendapatkan materi Upacara Krobongan dari guru via WAG</li> <li>• Peserta didik diminta membaca materi yg sudah diberikan via WAG</li> <li>• Peserta didik berdiskusi dalam WAG menentukan jenis acara dalam upacara krobongan.</li> <li>• Peserta didik diberi kesempatan untuk saling berdiskusi/ bertanya jawab via WA tentang urutan adicara krobongan.</li> <li>• Peserta didik diberi tugas menjelaskan makna atau definisi masing-masing adicara krobongan melalui Microsoft teams</li> <li>• Peserta didik memperhatikan penjelasan guru via voice note tentang macam tata upacara adat</li> <li>• Peserta didik menerima penjelasan melalui WAG tentang kerangka upacara adat</li> <li>• Peserta didik menyusun kerangka upacara adat</li> <li>• Peserta didik menerima penugasan guru untuk menulis upacara adat Jawa selain krobongan kemudian dikirimkan melalui Microsoft teams</li> </ul>
Kegiatan akhir	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Peserta didik bersama guru membuat kesimpulan</li> <li>• Guru melakukan kegiatan refleksi untuk menilai apakah pembelajaran hari ini sudah sesuai dengan tujuan.</li> </ul>

<b>Penilaian</b>		
<b>Sikap</b>	<b>Pengetahuan</b>	<b>Ketrampilan</b>
<p><b>Sikap</b> Guru mengamati sikap peserta didik dalam hal:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• disiplin waktu dalam melaksanakan kegiatan pembelajaran dan mengumpulkan hasil pembelajaran.</li> <li>• bekerja sama dengan cara aktif berdiskusi selama pembelajaran berlangsung</li> </ul>	<p><b>Pengetahuan</b> Peserta didik mengerjakan: Lembar Kerja Peserta Didik (LKPD) berupa 10 soal jawaban singkat, sedangkan Penilaian Harian berupa 10 soal Pilihan Ganda</p>	<p><b>Ketrampilan</b> Peserta didik menulis teks upacara adat Jawa selain krobongan</p>

Mengetahui  
Kepala SMP Gajah Mungkur 6 Ngadirojo

Ngadirojo, 13 Juli 2020

Guru Mata Pelajaran

Endang Heriningsih,S.E

Arra zzaq Priyadita,S.Pd

## Lampiran 1

### Materi Pembelajaran

#### A. Teks Upacara Adat Krobongan

##### Upacara Adat Krobongan

Ing wewengkon Surakarta, mliginipun ing Kraton Surakarta Hadiningrat, upacara pahargyan temanten taksih jangkep katindakaken, ingkang awujud panggih lan krobongan. Ingkang dipunwastani upacara adat krobongan tumrap temanten, inggih punika upacara ingkang katindakaken sasampunipun utawi sabibaripun panggih. Tatacara upacara krobongan punika kadadosan saking adicara timbangan, kacar kucur, dulangan, lan ngunjuk rujak degan.

Sekawan perangan ing adicara krobongan kasebat saged kajlentrehaken kanthi ringkes lan mentes supados langkung gamblang dipunmangertosi. Jlentrehipun makaten :

Adicara krobongan kawiwitan kanthi tatacara timbangan. Lampahipun makaten, penganten kakung dalah putri lenggah ing pangkonipun ingkang rama, dene ibu lenggah ing sangajengipun. Salajengipun ibu nyuwun pirsu dumateng rama ngengingi bobot penganten kekalih, rama paring wangsulun manawi bobotipun penganten kekalih sami, mboten wonten bedanipun. Tatacara punika mengku pikajengan bilih minangka tiyang sepuh mboten nggadhahi raos emban cindhe emban siladan antawisipun putra piyambak lan putra mantu.

Salajengipun adicara kacar kucur. Ing ngriki temanten kakung nyuntak arta receh lan uwos saking kampil dhateng pangkonipun penganten putri kanthi dipuntadhahi tilam lampus (klasa bangka). Kacar kucur punika mengku pikajeng bilih jejeri kakung punika kedah utawi wajib paring guna kaya dhateng garwanipun, dene minangka garwa nggadhahi kuwajiban nyekap-nyekapaken kangge kabetahan bale wisma.

Lampahipun adicara dulangan punika temanten sekalihan sami mbekta lancar isi sekul punar, lajeng temanten kekalih dulang dinulang. Werdinipun mujudaken kekudangan supados temanten kakung dalah temanten putri tetep manunggal jumbuh kaliyan gegayuhanipun. Antawisipun kakung lan putri sageda nampi kawontenan kanthi tulus.

Ngunjuk rujak mujudaken adicara krobongan sasampunipun dulangan utawi ingkang pungkasan. Lampahipun temanten kakung lan putri sami ngunjuk rujak degan, ingkang kawiwitan saking temanten kakung, lajeng temanten putri. Adicara ngunjuk rujak degan punika mujudaken kekudangan mugi-mugi temanten enggal saged pinarinagan momongan. Rujak degan mujudaken pepenget dhumateng temanten ing salebeting bebrayan mboten mangro tingal.

#### B. Kawruh teks diskriptif

Yaiku teks, paragraf utawa karangan kang isiné nggambarake sawijining obyek (bisa panggonan utawa wewujudan liyane) kanthi trewaca utawa cetha. Sapa wae kang maca paragraf iki kaya-kaya ngerti dhewe obyek kang digambarake ana ing jroning paragraf iki.

Kang perlu digatekake manawa nulis teks diskriptif yaiku:

1. Nemtokake objek kang bakal ditulis
2. Gawe reng-rangan kang bakal dirembakakake
3. Milih ukara kang pener kanggo nggambarake objek kanthi trep.

### C. Sumber Belajar :

1. Buku Baut Basa Jawa KL. IX. ( Dwi Bambang Putut Setyadi )
2. Buku Upacara Adat Pengantin Surakarta.
3. Materi Pendamping Siswa.( MGMP Bhs Jawa Wonogiri )
4. Majalah Panjebar Semangat

### Lampiran 2

#### Lembar Kerja Peserta Didik

##### 3.4.1 Menjawab 10 pertanyaan tentang isi upacara adat Krobongan

###### A. Wangsulana pitakon-pitakon iki adhedhasar wacan ing ndhuwur!

1. Kapan katindakake adicara krobongan?
2. Kepriye becike pangrengkuhe anak dhewe lan anak mantu?
3. Apa tegese bebasan “emban cindhe emban siladan”?
4. Apa kang katindakake dening penganten kakung lan putri ing adicara kacar kucur?
5. Apa kang diarani kampil lan tilam lampus?
6. Apa sing dadi werdine adicara dulangan?
7. Apa sing dikarepake sega punar sing didulangake dening penganten?
8. Degan sing kepriye kang diperlokake ing adicara ngunjuk rujak degan?
9. Kepriye lakune adicara ngunjuk rujak degan?
10. Apa kekarapan kang ana ing adicara ngunjuk rujak degan?

###### B. Kunci jawaban

1. sawise upacara panggih
2. ora mbedak-bedakake
3. mbedakake-bedakake siji lan sijine
4. Penganten kakung nyuntakake kampil isi guna kaya, penganten putri nampani nganggo tilam lampus
5. kampluk wadhah beras, klasa Bangka
6. penganten kakung lan putri tetep manunggal jumbuh karo gegayuhane
7. sega sin wernane kuning
8. degan krambil ijo
9. penganten kakung lan putri padha dene ngombe rujak degan wiwit sing kakung, banjur genti sing putri
10. panyuwun muga enggal pinaringan momongan

###### Pedoman Penskoran:

Nomor 1 setiap jawaban benar diberi skor 2, sedangkan jawaban salah diberi skor 0. Karena soal berjumlah 10 butir, maka jumlah skor berkisar antara 0 sampai 20

$$\text{Nilai ( 1, 2 ) : } \frac{\text{skor yang diperoleh}}{\text{Skor maksimal ( 20 )}} \times 100$$

### C. Nulis karangan deskripsi adat tatacara Jawa

1. Gawe a karangan deskripsi kang nyaritakake utawa nggambarake babagan upacara adat (sadrangan, bersih desa, ruwatan, pitonan, brokohan, selapanan, lsp) ing dhaerahmu, bisa nyuwun pirsaa marang sasapaa (bapak, ibu, simbah, sesepuh desa) kang bisa dadi sumber.

2. Gunakna basa ngoko wae supaya olehmu ngarang ora kangelan.
3. Tulisen ing salebar kertas, yen wis rampung banjur difoto lan dikirim lumantar Microsoft teams

### PENILAIAN HARIAN

3.4.1 Menjawab 10 pertanyaan tentang isi upacara adat.

A. Wangsulana kanthi menahi tandha ping (X) ing aksara a, b, c utawa d kang wangsulane bener!

1. Gatekna teks iki!  
Ing wewengkon Surakarta, mliginipun ing Kraton Surakarta Hadiningrat, upacara pahargyan temanten taksih jangkep katindakaken, ingkang awujud panggih lan krobongan. Inggih dipunwastani upacara adat krobongan tumrap temanten, inggih punika upacara ingkang katindakaken sasampunipun utawi sabibaripun panggih. Tatacara upacara krobongan punika kadadosan saking adicara timbangan, kacar kucur, dulangan, lan ngunjuk rujak degan. Adicara krobongan katindakake ....
  - a. sadurunge panggih
  - b. sawise panggih
  - c. sadurunge temanten putri mijil
  - d. bareng karo panggih
2. Kang kalebu adat tatacara krobongan temanten kaya kang kasebut ngisor iki, kajaba ....
  - a. Mijiki suku
  - b. Timbangan
  - c. Kacar-kucur
  - d. Dulangan
3. Temanten kakung nyuntak dhuwit receh lan beras saka kanthong ditadhahi temanten putri mawa klasa bangka, mujudake lakune adicara ....
  - a. Timbangan
  - b. Kacar-kucur
  - c. Dulangan
  - d. Ngunjuk rujak degan
4. Mengku kekudangan manawa jejering kakung kuwi kudu utawa wajib menahi guna kaya marang sing putri utawa garwane. Mujudake pasmon adicara ....
  - a. Timbangan
  - b. Kacar-kucur
  - c. Dulangan
  - d. Ngunjuk rujak degan
5. Adicara ngunjuk rujak degan iku antarane temanten kakung lan putri padha ngunjuk rujak degan kang diwiwiti temanten kakung banjur temanten putri. Apa piwulange adicara ngunjuk rujak degan ?
  - a. Panyuwunan marang Gusti Allah muga enggal pinaringan momongan
  - b. Temanten kakung lan putri tetep manunggal lair lan batine
  - c. Kakung wajib menahi guna kaya marang garwane
  - d. Wong tuwa ora kena mbedak-mbedakake antarane anak lan anak mantu
6. Upacara Tedhak sitèn dianakake jalaran ana kapitayan ing masyarakat Jawa yen lemah kuwi nduweni makna ghoib lan dijaga Bathara Kala. Kanggo ngawekani kadadayan sing ora becik, mula dianakake upacara nepungake putra-putrine marang Bathara Kala minangka sing njaga lemah iki. Anggone nindakake upacara iku miturut weton laire bocah. Apa kang njalari dianakake upacara Tedhak Siten ing tanah Jawa iki?
  - a. Kanggo ngawekani tumindak kang ora becik
  - b. Ana kapitayan ing masyarakat Jawa yen lemah kuwi nduweni makna ghoib lan dijaga Bathara Kala

- c Nepungake putra-putrine marang Bathara Kala minangka sing njaga lemah iki  
d Mmiturut weton laire bocah
7. Ubarampe kanggo upacara tedhak siten yaiku pengaron sing diisi kembang setaman, kurungan, warna-warna barang sing diselehake sajroning kurungan, klasa sing isih anyar, bakaran pitik, andha tebu arjuna, jadah pitung warna lan bancakan.  
Ubarampene upacara kaya kang kasebut ngisor ini, *kajaba* ....
- a Kembang setaman kan diisi panganan  
b Kurungan lan isen-isene  
c Klasa lan bakaran pitik  
d Tebu arjuna lan jadah 7 warna
8. Gatekna pratelan-pratelan iki!  
1) Munggah andha tebu arjuna  
2) siraman  
3) mlebu kurungan  
4) tedhak jadah pitung warna  
Urut-urutane acara tedhak siten yaiku ....
- a. 1, 2, 3, 4  
b. 2, 3, 4, 1  
c. 3, 4, 1, 2  
d. 4, 1, 3, 2
9. Piranti Tedhak jadah pitung warna: yaiku anak mlangkah utawa ngidak jadah pitung warna kang direwangi ngidak déning ibu, jadah ditata saka warna sing padhang nganti warna sing peteng, iku kabeh perlambang dene urip iku ora gampang nanging kabeh alangan sing dirasakake mengko mesthi bakal ana dalan kang padhang tumuju kamulyan lan kasantosan.  
Tedhak jadah pitung warna mralambangake manawa uripe ing tembe bakal ....
- a urip iku ora gampang nanging kabeh  
b alangan sing dirasakake bakal terus-terusan  
c anak bakal nresnani ibu bapak  
d kabeh alangan mesthi bakal tumuju kamulyan lan kasantosan.
10. Munggah andha tebu arjuna: tebu iku pralambang antebing kalbu, supaya anggone nglakoni urip ana ing donya iki bakal manteb lan tebu arjuna pralambang supaya anak sing munggah tebu iku bisa duweni solah bawa kaya dene Arjuna  
Munggah tebu arjuna ngemu karep ....
- a Antebing kalbu  
b Supaya uripe manteb lan solah bawane kaya Arjuna  
c Uripe bisa mulya salawase  
d Rupane bisa bagud kaya Raden Arjuna

## B. Kunci jawaban

1.b 2. A 3. B 4. B 5. B

6. a 7.c 8. B 9. D 10.b

## Pedoman Penskoran:

Nomor 1 setiap jawaban benar diberi skor 2, sedangkan jawaban salah diberi skor 0. Karena soal berjumlah 10 butir, maka jumlah skor berkisar antara 0 sampai 20

$$\text{Nilai ( 1, 2 ) : } \frac{\text{skor yang diperoleh}}{\text{Skor maksimal ( 20 )}} \times 100$$